

Pwoteje fanmi epi oumenm kont kontmaltaye



MassHealth angaje pou l ede manm li yo pwoteje ni yomenm ni fanmi pa yo a kont kontmaltaye.

Nou gendwa kominike avè w nan yon ti tan sou kouvèti medikal ou a. MassHealth pa pral janm menase fanmi w oubyen oumenm epi li p ap janm mande w pou enfòmasyon kat kredi ou a.

Fè atansyon pou kontmaltaye!

Koutayè gendwa pretann y ap rele onon yon òganizasyon lejitim oubyen yon òganism gouvènmantal. Yo ka rele nan telefòn, voye mesaj tèks, oubyen ekri imèl pou yo eseye vòlè lajan w oubyen yon bagay ki gen valè.

Pa bay koutayè lajan oubyen enfòmasyon pèsònèl.

Konnen kisa pou siveye

Si yo rele w nan telefòn, voye mesaj tèks, oubyen ekri imèl ba ou...

- ki menase fanmi w oubyen oumenm
- avèti y ap mennen w devan lajistik
- mande oubyen reklame ou peye tousuit
- egzije peman avèk yon kat kado, kat debi ki gen lajan sou li, lajan entènèt, oubyen pou voye lajan pa lapòs
- mete presyon sou ou pou w bay enfòmasyon pèsònèl
- mande ou pa di lòt moun anyen
- menase pou l sezi kont bank ou an, oubyen
- eseye pou w fè l konfyans paske li ba ou "dokimantasyon" ki fo, "prèv" ki pa sa, oubyen non yon vre fonksyonè gouvènmantal



Li gendwa yon kontmaltaye!



Si w kwè yon koutayè kominike avè w, sonnen nou nan (800) 841-2900 (TTY : 711)